ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ХЕКIУАТЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№77 (22.235) ● 2012 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 27, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомы 3-щ ● adyghe@mail.ru adygeale.ru

МЕДВЕДЕВ Дмитрий:

## Iуэху жьгъей щыIэкъым

● Дыгъуасэ

**Урысейм и Президент Медведев Дмитрий телевиденэм и канал зыбжанэкIэ къэпсэлъащ. Абы къиIэтащ къэралым и гъащIэм и лъэныкъуэ куэд дыдэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, махуэ зыбжанэкIэ уэзгъэбэкIыжынщ, Президентым Къэрал Советым и зэIущIэм къыщиплъытэщ илъэси 4-м иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр. Къэплъытэ хъунущ иджы журналистхэм ажриIаэхэр а псалъэмакъым пызыщIу.**

МЕДВЕДЕВ Дмитрий нэхъыбэ кьыхигъэщхьэхукIащ дызыхуэкIуэ зэманым къэралым кьыщыхьыну зэхьуэкIыныгъэхэр зыхуэдэр, журналистхэм я упщIэ зэмылIэужьыгъуэ дыдэхэм ягуэдзэн. Псалъэм и хьэтыркIэ, абы кьыхигъэщхьэхукIащ, лIэщIыгъуэкIэрэ зэфIэуэ хабзэм ипкъ иткIэ, Урысейм ижь, сэмэгу кьаруэхэм яку дэт парт щыIэну зэрыфIэкъабылыр. Пэжщ, абы къыпыгъэ уэрыщ пьэныкъуитIми щыщхэм я Iуэху епГыкIэхэрэ. Езыр «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщI хъуну хуей? А упщIэм жэуап щритым Медведев Дмитрий жиIащ апхуэдэ кьаlэн и пщэ диГхьэну зэрыхьэзырыр.

Хэхьныгъэхэм я уэхьэIэ Москва, къэралым и адрей кьаlэшхуэхэм щекIуэкIа пэкIуэгъэ я гугъу щищIым, Президентым жиIащ абыхэм гурэ псэкIэ мыарэзыхэри, политикIэ щхьэхуещагъэм ихьгъыкэрэ зэрахэтар. «Сэ абы теухуауэ жыгIэну сызыхуейр зыщ: дэтхэнэрэ хуитщ езым и Iуэху епГыкIэр кьигъэльэгъэну. Дауи, дэтхэнэ партым и дежкIи щIагъэкъым зы хэхакIуэ нэхъ мыхъуми «фIадыгъуныр». Дэпкъэ апхуэдэ кьэмыхъужьным хущIэкъуи хуейщ электрон Iэмэпсымэкъэ нэхъыбэу кьэгъэсэбэпауэ.

Украинэм, Белоруссием егъэщIыIа Iуэхухэм зэрыбгъэдыхьэм и гугъу щищIым, Президентым знумысжащ а къэралхэмрэ Урысеймрэ якIуигурымыIэныгъэхэм зэрыдэлъымкIэ. Арщхьэкlэ, ущыгугъ хьунущ зэманым ахэр игъэзэкIуэжьыну.

Тележурналистхэм шэч кьытрахьэркъым Медведев Дмитрий къэралым и Правительствэм и УнафэщI зэрыхьэлъэм. Абы кьыхэкIыу ахэр щIэупщIащ я псалъэзэлъэм Министрэм я кабинетыр кьыздэзыгъэригъэпэщыну щыкIэм. Медведев Дмитрий жиIащ езырэ президент кьулыкъум пэрыхьэну Путин Владимиррэ а Iуэхум мызэмытIэу зэдзэпсэлъащ. «Дэ дызэгурыIуащ Правительствэр зыкъомкIэ къэдгъэщIэрэщIэну, - кьыхигъэщхьэхукIащ Медведев Дмитрий, - абы хьыхьэн хуейщ иджырей кабинетым щыщхэу зи кьалэнхэм фIы дыдэу пэлъэщхэрэ, зэфIэкI зиIэ Iэщ IагъэлIу зыкъэзыгъэлъэгъуа нэгъэущI щыхуэхэри».

Иужь зэманым политик зыбжанэм, псалъэм и хьэтыркIэ, финансхэмкIэ министру щыта Кудрин Алексей, ди щыхуэхэр ягъэшIэн и къэралым и экономикэр етIысэхьэпэну. Абы теухуа упщIэм жэуап щритым Медведев Дмитрий кьыхигъэбелджылыкIащ ар кьыздэсымыхьынур. «Апхуэдэ кьэхъуну щхьэусыгъуэ гуэри щыIэкъым, - жиIащ абы, - дэ лъэ быдэкIэ дыщытщ икIи ди Iуэхухэр адрей къэралхэм ейхэм нэхърэ зыкIи нэхъыкIэкъым».

ЗэIущIэм увыпIэшхуэ щичыбыдащ Жылагъуэ телевиденэ кьызэрэпэщыным теухуауэ Медведевым иджыблагъэ Iэ зыщIидза унафэм. Къэралым ейуэ щыт нэгъуэщI телеканалхэр-щэ?

«Дэ, дыхуей-дыхуэмейми, къэралым ахъшэкIэ ибыгъ телеканалхэр властхэм я бжьым щIэтщ, щхьэусыгъуэ гурыIуэгъуэм кьыхэкIыу. Жылагъуэ телевиденэм и къэлэнщ езым кьыгъэкьыж ахъшэкIэ (эжаем), апхуэдэу щыщIыткIэ, властхэми цIыху щхьэхуэхэми я унафэм щIэтынкъым», - жиIащ Медведевым.

Псалъэмакъым и кIэухым сыхьэтхэр гъэмахуэ, щIымахуэ зэманкIэ зэрыщIэдзащ щамыгъэкIыжми тепсэлъыхьащ. «Мыбы льэныкъуитIкIэ убгъадыхьэ хъунущ, - жиIащ къэралым и Президентым, - щыIэщ ипэрей хабзэр зыфIэкъабылхэри, щIэм и тельхьэхэри. Си гугъэщ абы теухуа унафэ кьыщащтокIэ, псом япэу щыхуэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр кьаlэныгъэ хуейуэ. Ар зэхагъэкIыфынущ электрон Iэмэпсымэкъэ я щIэгъэкъуэну референдум ирагъэкIуэкIмэ».

Медведев Дмитрий журналистхэм я упщIэхэм жэуап иритащ сыхьэтитIым нэскIэ.

**МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.**

● Бахъсэн куей

## Адыгэ ныпыр яIэт

Вэсэмахуэ, мэлыжьыхьым и 25-м Адыгэ ныпым и махуэр екъэзыхуэ щагъэлъэпIа щIыпIэхэм ящыщщ Бахъсэн куейр.

СЫХЬЭТ 15-м Щэнхабзэмкlэ унэм и утым кьыщIэзэуэсат кьалэдэсхэм я мызакъуэу, районым хиубыдэ жылагъуэ псоми кьикIа АлыкIуэгъэр. Абыхэм я пащхьэм кьыщыпсэльахэщ Бахъсэн хъалэ administрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Хэжь Заур, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Бахъсэн къудамэм и тхьэмадэ Шапситы Хьэсэн, Адыгэ Конгрессым, жылагъуэ, щIалэгъуэлэ зэгуэхьэныгъэхэм я АлыкIуэхэр, пщIэ зыхуащI нэхъыжьхэр. Ахэр тепсэлъыхьащ Адыгэ ныпым и кьежьэкIам, абы и тхыдэм, нобэ кьрахьэжьа лъэпкъ Iуэхум щыкьэкIуэтей щIэблэмкIэ иIэ мыхьэнэм.

ПэкIум нужькIэ адыгэ джэгушхуэ екIуэкIащ, районым ит щэнхабзэмкIэ унэхэм я къэфакIуэ гупхэр, еджакIуэ цIыкIуэхэр хэту. Апхуэдэу куейм и пшынауэхэр Iэзэгъкlэ зэпеуащ, адыгэхэм кьадекIуэкIа джэгукIэ гъэщIэгъуэнхэри зэгъэльагъуащ.

Кьызэхуэсахэм дэрэжэгъуэ кьаритащ дунейм тет дэтхэнэ зы лъапкъми гъуаэзу кьадекIуэжкI ныпхэм яIэ щIэмрэ купщIэмрэ ди адыгэ бэракъыр кьаэзрыкIэрымыхур икIи абы иIэ мыхьэнэм кIуэ пэтми зэрызэпубгъур. ЗэIущIэм хэта нэхъыжьхэм щIалэгъуалэр щыгъуаэз ящIащ лъэпкъым кьадекIуэкIа Iыхьэхэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Адыгэ ныпым щиIыгъа уэрэдыIуэ лъагэмрэ бэм и деж щигъуэта гулыIтэмрэ.

**ЛЪОСТЭН Мазэ.**

● Пщэдей

## Илъэсым и хьэрычэтыщIэ нэхъыфIэхэр

**Хьэрычэтыщ Iэхэм ядэзэпыкъунымкIэ программэм хиубыдэу Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм гъэ кьэс ирегъэкIуэкI «Илъэсым и хьэрычэтыщIэ нэхъыфI» зэпеуэр. Дызэрыт илъэсым къалэм и бизнесмен пщыIэхэр щагъэлъэпIэну дауэдапщэр мэлыжьыхьым и 28-м сыхьэт 16-м «Синдика» хьэщIэщым щекIуэкIынущ.**

ХАБЗЭ зэрыхъуам тету, конкурсыр кьызэрагъэпэщ «Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерысыкьыпхъэмрэ», «Промышленностыр, транспортыр, связыр», «Хуэныгъэр, уХуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэмрэ пкъыгъэхэмрэ кьыщIагъэкIыныр, архитектурэр», «Сатур», «Жылагъуэ шхапIэхэр», «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэмрэ экологиемрэ», «Инновацэ лэжьыгъэр» номинацэхэмкIэ. Мы гъэм абыхэм щIагъуэ «Пэжьапщlэшхуэ зэратым папщIэ», «Пэжьапlэ Iэнатlэ нэхъыбэ кьызэрэзэгъагъэпэщам папщIэ», «Жэрдэм зыхэлъ цIыхуб», «Налшык къалэм округым и хьэрычэтыщIэ щIалэ пашэ» номинацэ хэхаэр.

Хьэрычэт Iуэхущlапlэ мыинхэмрэ курытхэмрэ мащIэу мы зэпеуэм хэтыну заявкэхэр кьэзытахэр иджыпсту кьыхах абыхэм я финанс къалэнхэр зэрагъэзащIэм, налогхэмрэ лэжьапщlэмкIэ щIыхуэ зэратемылъым, цIыхуэхэм улахуэ тэмэм зэрратым, Налшык къалэм зэгъэужьыным хащIыхьэхэм, нэгъэущIэхэм ятещIыхьауэ.

«Налшык къалэм и хьэрычэтыщIэ нэхъыфI» конкурсыр ирагъэкIуэкI «2007 - 2011 гъэхэм Налшык къалэ округым хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ мыиным зыщIегъэжьыныр, абы дэIепкъыныр» муниципальнэ программэ хэхам хиубыдэу. Хьэрычэт Iэнатlэм къалащхьэм и экономикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ. Абы зэпымыууэ зиужь зэпытщ. 2011 гъэм и закъуэ хьэрычэтыщIэ-хэр процентэ 3,7-кIэ нэхъыбэ хуауащ. 2012 гъэм щIыщIэм и 1-м ирихьэлIэу къалэ округым къриубыдэу хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ мыину, курыту 3770-рэ щыIащ, Мы Iэнатlэм хьэрычэтыщIэу мин 11,5-м нэблагъэ щолажьэ.

**ДЗЭМЫХЬ Лилэ.**



ДУНЕЙМ ИЩIЫКIЫЫБАУРЭР

### ИтIани егъэкъуаншэ

**Дыгъуасэ Европэм и Советымы и парламент ассамблеи (ПАСЕ) и унафэщI Чавушоглу Мевлют я зIущIэм кьыщыпсальэу зэрыжиIамкIэ, Сирием и унафэщIхэм яъзэщIэркьым мамырыгъэр зэтегъэуэфынымкIэ хуэмурIаIуэ ООН-мрэ Хьэрыи Къралыгъуэхэм я Лигэмрэ (ЛАГ) я лIыкIуэ Анан Кофи кьыхилъхьа.**

- Асад Башар и правительствэр дяпэкIи тэмэму дунейпсо жылагъуэ зэгуэхьэныгъэхэм дэмылажьэмэ, лъыгъажэр зэтеуцыIэн папщIэ Iуэхугъуэ зэхьэткIийхэм дыхуэмыкIуэу зыгъунукъым, - жеIэ абы.

Тыркум и депутат цIэрыIуэм къыльытащ Сирием щылэжьэну кIэлъыплъакIуэхэм я бжьыгъэ цIыху зы миным нэгъэсын хуейуэ.

Абы щыгъуэми дунейпсо хьыбарегъащIэ Iэнатlэ зэмылIужьыгъуэхэм махуэ кьэж кьат Сирием и властым Iэщхьэ зэщIэуэздауэ кьыпэщIэуна гупхэм а зэгурыIуныгъэр зэрамыгъэзащIэм и хьыбар. Аннан Кофи кьыхилъхьахэр ягъэзэщIэн зэрыщIадзэр ахэр Iэщхьэ кIэухыфIыжу кьызэрэзэпыща хъуащ. Псалъэм папщIэ, дзэм щытегъуэм дыгъуасэ кьаГъэсэбэпащ Калашниковым и автоматхэмрэ РПГ-хэмрэ (лагьымыдзхэр), Мардж кьуейлагъым кьыщыгъуэри щыхуэ 42-рэ уIэгъэ ящIащ. Абыхэм ядыгъу щIэныгъэлIэхэр, дохутырхэр, егъэджакIуэхэр, мелуанэ псэу щыхуэхэр этраукIэ.

### Хэт хахьынр?

**Мысырым хьэныгъэхэр егъэкIуэкIыныжкIэ и Комиссэ Нэхъыщхьэм и Iэтащхьэ Сухьэйл Фарукъ дыгъуасэ зэрыжиIамкIэ, а къэралым и президент кьулыкъым щIэбэну кьэблагъэ хэхьныгъэхэм хэтыну щыхуэ 13.**

Мы лъэныкъуэм и Iыщхьэ кьулыкъым щIэбэну хэхьныгъэм хэтынухэм я унэцIэхэр Iэхэр КъуэкIуэ Комиссэ Нэхъыщхьэм дыгъуасэ игъэбелджылащ. Иджы абы зэхъуэжкIыныгъэ лъэпкъ хатлъхьну хуитыжкъым. Хэхьныгъэм щIедзэ мэлыжьыхьым и 30-м.

ЩытыкIэр зыхуэдэр зэхагъэкIыу жылагъуэм хэупщIыхьа Iэщlагъэлlэхэм кьызэрагъэлъагъуэмкIэ, Мысырым щыпсэухэм я нэхъыбэм Iэ яIэтыну хьэзырщ. Хьэрыщ Iэсагъалъэхэм я Лигэм и генеральнэ секретару щыта Мусэ Амр и тельхьэу. Абы кьыкIэлъыхьэкIуэ нобэр кьыздэсым щIэрыIуэу щыта, Исламм пытым щыщ Абдел Монейм Абу аль Футухь. Ещанэр «Муслымэм зэкъуэшхэр» партым кьигъэльэгъуа Мурси Мухьэмэду кьалъытэ.

Мысырым президент хэхьныгъэхэр щекIуэкIынущ наскьгъам и 23 - 24 махуэхэм.

### Лъы хуэныкъуэщ

**2012 гъэм Олимпиадэр зэрыригъэкIуэкIынум хьэзыр хуэхъуна папщIэ Инджылъым хэзыщIагъэр хьэныкъуI и лъэпкъ системэм процент 30-кIэ хигъэхъуэн хуейщ сымаджэхэм папщIэ ятуп зэхуахьэс лъым.**

Лъы хэкIэныкъэ трансплантаталогиемкIэ центрым и лэжьакIуэхэм ар Iэмалыншэу кьалъыIэ, мы гъэмахуэм Лондон турнисту зы мелуанэм щIигъу кьызэрыкIуэнум кьызэкIыу. Лъым и гъэтIылъыгъэхэр туристхэм я щынагъуэншагъэу абыхэм кьагъэув. КьыщынэмыщIауэ, абы хуэныкъуэкIэ хьунущ я пащтыхь гуащэр пащтыхьыгъуэм зэрыпэрыувэрэ илъэс 65-рэ зэрырикъум иращIыIэну гуфIэгъэ зэхьэхъщхуэхэм кьырихьэлIэну хэтрь. А гуфIэгъуэхэр пIалъэ кIыхькIэ екIуэкIынущи, зи лыр зыт хабзэкэр абы хэтурэ «ахущIэмахьэсымэ» дохутырхэр тогуэзвыхь. Уебдзмэ ар лыр кьащIемэщIэкIынум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу кьалъытэ.

Иджыдлъыр илъэс кьэс хуэныкъуэщ донору цIыху мин 230 хуэдиз. Мы гъэм лъы зытыну кьекIуалIэхэр куэдкIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуам центрым и лэжьакIуэхэр егъэгугъаву.

**НОБЭ**

**t Саха (Якутие) Республикэм и махуэщ** - 1922 гъэм къэзуэхуащ Якутие АССР-р.

**t Тоту Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ** - 1960 гъэм къэралыгъуэ щхьэхуит хъуащ.

1906 гъэм Санкт-Петербург и Таврическэ уардэгъэм щеIуэжIащ Кърал Думэм и яп эхъыгъуэм и яп эзIущIэ.

**t Сьерра-Леоне Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ** - 1961 гъэм къэралыгъуэ щхьэхуит хъуащ.

### Дунейм и щытыкIэнур

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIэну щыщытынущ. Хуабэу махуэм градус 21 - 22, жэщым градус 12 - 15 щыIэнущ.

Щыгъуэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьи 3-м, кьэхьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикьи 3-м.

Хьэуам и псыгъэр процент 46 - 57-м кьитIэснущ.

*Псыгъэр лъэхъэхэмрэ*
**ГЪУЩIО Зарифат.**

● Шэрэдж куей

## Зэманым йоззгъ

**Шэрэдж куейм электрокъару зэрыкIуэну кIапсэщIэхэр щаукъуэдий километр 30-м щIигъу я кIыхьагъыу. Мыгувэу линиещIэр хьэзыр хъунущ.**

АБЫ зыкъомкIэ иригъэфIэкIуэнущ Къэщкъэтау, Бабугент, Балькъэр Ипщэ, Аушыджэр, Зэрэгъыж жылагъуэхэр, Жэмтхьэлэ, Аруан куейм хыхьэ Псыгуэнсу кьуажэхэр токкIэ кьызэрызэрагъэпэщыр.

Мы лэжьыгъэр зэфIагъэкIын хуей хъуащ электрокъарур зэрыкIуэ кIапсэхэр жьы зэрыхъуам, ахэр кьуэдрэ зэрызэпычым кьыкъэкIыу. Иджы линиещIэр сыт и лъэныкъуэкIи зэманым езэгъэну щытынущ. Ар хохьэ «Урысей Ипщэ. 2008 - 2013 гъэхэм КъБР-м энергетикэ комплексым зыщегъэжьыжьынкIэ федеральнэ программэм.

КIапсэхэр укьуэдиныным егъэщIыIа лэжьыгъэр ягъэзащIэ «ШэрэджI» Iуэхущlапlэмрэ «АССО» ООО-мрэ.

**БОЗИЕВЭ Залинэ.**

● Къэбэрдей Республикэм

### ЖКХ-мкIэ арэзыкъым

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Iэтащхьэ Тхьэкlущынэ Аслъэнджэрий хэтащ «Роспотребнадзор»-м и коллегием и зэIущIэу Адыгейм щекIуэкIам. Абы унэтIынгъэ зыбжанэм щыхэпльащ.***

КъАПЩТЭМЭ, республикэм щыпсэухэм я нэхъыбэр Псэупlэ-комунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъымрэ абы и уасэхэмкIэ арэзыкъым. Абы и лъэныкъуэкIэ нэгъабэ къэпщIэнэныгъэхэр щрагъэкIуэкIам ныкъусаныгъэ 300-м щIигъу кьыщIагъэщауэ щытащ, санитар хабзэм ехьэлIауэ мини 5-м нэблагъэ кьызэпадудащ.

ЗэIущIэм гулыIтэ хэха щыхуащIащ сабий садэхэр зэраруримыкъым, школакIуэхэр гъэшхэнщ кьызэрызэмыгъэпэщам, нэгъэущIхэми. Щхьэхуэу кьытеувыIащ къэхьулейкъэм ятыщIа гугъуехьхэм. Тхьэкlущынэм кьызэрыкIэгъащамкIэ, ар зрашэлIэну екIуэлIапIэр зэрауэну мылъку хуэхакIэщ.

Жылагъуэхэм я санитар щытыкIэм теухуауэ къащта унафэм ипкъ иткIэ, щыпIэхэр зэщIэкъуэныжьмэ, уэрамхэм я кьабзагъэмкIэ, ежьжьыжэр гъэкIуэдныжьмкIэ жэуап яхьынущ муниципалитетхэм я унафэщIхэм я яп ящыуэдзэхэм. «Iэнатlэм и лэжьыгъэр цIыхуэм я зэIущIэпщIыгъэр хуэунэтIауэ щытыпхъущ», - жиIащ Тхьэкlущынэм.

### УнафэщIхэр зэIуощIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимиррэ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ зэхуэзащ. Премьер-мир щIэупщIащ блэкIа мазищым я лэжьыгъэм кьриикIуэхэм, социальнэ Iэнатlэм и проектхэр зэрыпхагъэхьым.***

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэр къуажэхэм поликлиникэхэр зэрыщащхуэм, районхэм IэщlагъэлI куэд зэрагъакIуэм къытеувыIащ. Илъэс кIуам дохутырхэм я улахуэм процентри 10-кIэ зэрыхьэгъуэ хъугъэщащ. А псоми къыдэкIуэу егъэджакIуэхэм я Iуэхур зэрынэхъыкIэр, экономикэмкIэ иху итым я лажьащIэр зэрынэгъэсыр, ауэ илъэсым и епIланэ мазищым ирихьэлIэу зэхъуэкIыныгъэхэм зэрыщIигъуныр жиIащ.

«Ар тэмэмкъым икIи егъэджакIуэхэм республикэм и экономикэмкIэ ику ит лэжьыгъэм щIэлъ зэрыгъэзэжьыну. Абы хэтынущ районым и уэрэджьыкIуэ, къэфакIуэ гупхэр, пшынауэ Iэзэхэр. Щэнхабзэмкlэ унэм «Акъыл жан» зэпеуэ щызэхьэныгъ. Ар екъэлIауэ щытынущ лъэпкъ тхьдэм, щэнхабзэм, ди республикэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм кьрихьэлIа лъэкьыгъэ гуэрыгуанэ купщIафIэхэм. ГуфIэгъуэм кьрагъэбгъэнущ Дзэлыкъуэ щыIатlэр зэрыгушхуэ лъэкьакIуэжьхэр, иджыпсту районым и зыужьныгъэм зи гуащI хэзылъхэ щIалэгъуалэр.

Илъэс зыбжанэ хьуауэ накьыгъэм и 1-р Сэрмакъым зыми емыщкьу игъэтхапIэн хуэфокIэ: хабзэ зэрыхьуам тету, къуажэм демонстрацэшхуэ щекIуэкIынущ, предприятиэхэр, организацэхэр, курыт едакIэм Iэхэр, жылагъуэ зэгуэхьэныгъэхэр хэту. Пасэ зэманхэм ещхьу къэрал, республикэ бэракъэр, мамырыгъэ гъащIэмрэ гуащIэдэкI хьэлэлымрэ я кьыхуэсыдж плакатхэр я яныгъуэ ахэр ирикIунущ кьуажэм и уэрам нэхъыщIэм и кIыхьагъкIэ.

Жылагъуэ кьэж зэтемыхуэу махуэшхуэр ягъэльэпIэнущ. Абыхэм щрагъэкIуэкIынущ зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, адыгэ джэгу, асфальтым сурэт тещIыхьыжьмкIэ зэпеуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр.

**ЛЪОСТЭН Мазэ.**

● Футбол

## Фыдогъэблагъэ!

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лиг»*

**ПлIыщIэ еэанэ джэгуГуэ «Спартак-Налшык» - «Крылья Советов» (Самарэ) Налшык. «Спартак» стадион.**
**Мэлыжьыхьым и 27.**
**Сыхьэт 17-рэ дакьикъэ 15-м.**

ЧЕЧЕНОВ Ануар:

## Ди спортсменхэм я екъуIэныгъэхэм срогушхуэ

***Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Унафэщ I, Урысейм Тхэкlвондомкlэ и зэгухьэныгъэм и кIэлъыплъакIуэ советым хэт, КИФШIмрэ КъБР-мрэ тхэкlвондомкIэ я федерацэхэм я кIэлъыплъакIуэ советым и тхьэмадэ Чеченов Ануар а спорт лIэужьыгъуэм республикэм щызэIэригъэхьа екъуIэныгъэхэм тхутепсэлъыхьащ.***

**- Ануар, дауэ уеплъэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тхэкlвондом зыщиужьынымкIэ гугъапIэхэр щыIэ?**

- А спорт лIэужьыгъуэм республикэм и зэхьэзэныгъэ 3 - 4 и пэкIэ зыщиужьу щIидзащ икIи абы дихьэха ныбжьыщIэхэм я бжьыгъэ мини 3-м нэсащ. ЗэрытщIэщи, тхэкlвондор куэд кьызэщIэзыубыдэ спорт лIэужьыгъуэщ. Корее Ипщэм и жэрдэмкIэ ар олимп лIэужьыгъуэхэм ящыщ хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм спортым зегъэужьыным гулыIтэ хэха хуащI. ЛIэужьыгъуэ щхьэхуэхэмкIэ республикIэ программэхэр кьащтащ, ассоциацэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ кьызэрагъэпэщащ, кIэлъыплъакIуэ советхэмрэ абыхэм я унафэщIхэмрэ яубыдыхуащ. Кьызэдгъэщынщи, республикэм спортым зыщиужьынымкIэ Iэмал имыIэу зыхуеину кьызэгъэпэщыныгъэ, экономикэ унэтIынгъэхэр щызэхэтхъуэащ. ЕдгъэкIуэкI лэжьыгъэм щIэблэ уэзышэ, спорт текIуэныгъэ инхэр кьыпэкIуэну дыщыгугъ хъунущ.

**- Тхэкlвондомкlэ дунейпсо зэхьэзэхуэ Тыркум и Эдирне къалэм щекIуэкIащ. Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту абы зыщызыгъэлъэгъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм сыт хуэдэ екъуIэныгъэхэр зыIэрагъэхьа?**

- Мэлыжьыхьым и 19 - 22-хэм екIуэкIа зэпеуэм зэхуищIэсащ Iраным, Иракым, Сербием, Болгарием, Албанием, Германием, Голландием, Азербайджаным, Алыджым, Тыркум, Урысейм, Сирием, Къэзахъстаным, Молдовэм, Кипрым, псори зэхэту къэрал 15-м я лIыкIуэхэр. Ди республикэм щыщу спортсмени 8-м я Iэзэгъыр абы щагъэлъэгъуащ икIи дыщэ медали 3-рэ зы дыжьынрэ зыIэрагъэхьащ. Пак Станислав, Гриськовэ Дарье, Ужжокъуэ Кьаитемыр сымэ ящэ увыпIэхэр кьахьащ, Сультан Сультан - етIуанэ-тIэ хъуащ. ЩIалэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ тренерхэу Ахьмэт Амиррэ Ким Викторрэ. НыбжьыщIэхэм я деж ди спортсменхэм ещанэ командэ увыпIэр кьызэрыщахьам хуабжьу дыщыгуфIыкIащ.

Тхэкlвондом республикэм зыщегъэужьыным хуэтщI хэлъхьэныгъэм крикIуэкIэр нэрылъагъущ. Фигу къэзгъэкIыжьнщи, нэгъабэрей дунейпсо зэхьэзэхуэм ди спортсменхэм дыщэрэ дыжьыну зырызщ кьыщахьауэ щытар. Зэрынэрылъагъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэлэ кьарууфIэ, узынщэ зэрыщыпсэуэр, зэрыщагъасэр иджыредэ я екъуIэныгъэхэм кьагъэзылъагъущ.

Сэ ди спортсменхэм я екъуIэныгъэхэм срогушхуэ. Спортым и мызакъуэу, нэгъуэщI Iэнатlэхэми ди щIалэгъуалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщIэр щалэтыным хэ кьарурэ зэфIэкIымрэ ецыхьэ-IэнущI.

**УРЫСМАМБЭТ Бэллэ.**

● Дзэлыкъуэ куей

## Нэгузыужьхэр къапоплъэ

**Гъатхэмрэ лъэжьыгъэмрэ я махуэм сыт и тлъэныкъуэкIи зыхуигъэхьэзыращ Дзэлыкъуэ районым.**

КУЕЙ администрацэм щIэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Къаза Хьэзыр щыIащ дызэрэщIамкIэ, махуэшхуэм куэду щыIэнущ цIыхуфэ нэгузыужь Iуэхугъуэхэр. «Дызэгъусэу уэрэд жьыдгурыIуа» фIэщыщым щIэт Дзэлыкъуэкъуажэ и ут нэхъыщIхьэм пшыхь щекIуэкIынущ. Абы хэтынущ районым и уэрэджьыкIуэ, къэфакIуэ гупхэр, пшынауэ Iэзэхэр. Щэнхабзэмкlэ унэм «Акъыл жан» зэпеуэ щызэхьэныгъ. Ар екъэлIауэ щытынущ лъэпкъ тхьдэм, щэнхабзэм, ди республикэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм кьрихьэлIа лъэкьыгъэ гуэрыгуанэ купщIафIэхэм. ГуфIэгъуэм кьрагъэбгъэнущ Дзэлыкъуэ щыIатlэр зэрыгушхуэ лъэкьакIуэжьхэр, иджыпсту районым и зыужьныгъэм зи гуащI хэзылъхэ щIалэгъуалэр.

Илъэс зыбжанэ хьуауэ накьыгъэм и 1-р Сэрмакъым зыми емыщкьу игъэтхапIэн хуэфокIэ: хабзэ зэрыхьуам тету, къуажэм демонстрацэшхуэ щекIуэкIынущ, предприятиэхэр, организацэхэр, курыт едакIэм Iэхэр, жылагъуэ зэгуэхьэныгъэхэр хэту. Пасэ зэманхэм ещхьу къэрал, республикэ бэракъэр, мамырыгъэ гъащIэмрэ гуащIэдэкI хьэлэлымрэ я кьыхуэсыдж плакатхэр я яныгъуэ ахэр ирикIунущ кьуажэм и уэрам нэхъыщIхьэм я кIыхьагъкIэ.

Жылагъуэ кьэж зэтемыхуэу махуэшхуэр ягъэльэпIэнущ. Абыхэм щрагъэкIуэкIынущ зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, адыгэ джэгу, асфальтым сурэт тещIыхьыжьмкIэ зэпеуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр.

**ЛЪОСТЭН Мазэ.**

**Бейм и гуфIэгъуэр мылъкущи, тхьэмыщкIэм и гуфIэгъуэр бынщ.**

● Коллегиехэр

# Республикэм щытыкIэр нэхъ зэтес щыхъуауэ къалъытэ

**Къэрал кIуэцI Iуэхухэмк1э министерствэу КъБР-м щыIэм и коллегием и зэIущIэ зэхэтащ. Абы щызэхалъхьэжащ дызэрыт илъэсым и япэ мазищым я лэжьыгъэм кърикIуахэр, къыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэм къапэщыт къалэнхэр яубзыхуащ.**

КОЛЛЕГИЕМ хэтащ Урысей Федерацэм и ФСИН-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Федоров Василий**, министерствэм и къулыкъухэмрэ IэнатIхэмрэ я унафэщIхэр, ветеран, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор **Васильев Сергей.**

- Экстремист, диверсие-террор хьэгъэщагъэхэр къызэпыудыным, щIэпхъаджагъэхэр сэтей къэщIыным икIи зэхэгъэкIыным, экономикэ щIэпхъаджагъэмрэ коррупцэмрэ ебэныным, жылагъуэ хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр убзыхуным икIи пхыгъэкIыным ехьэлIауэ зэфIэха хъуа лэжьыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым криминноген щытыкIэр щегъэфIэкIуэнымкIэ Iэмал къитащ. ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэхэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ нэхъ мащIэ хъуащ, цIыху укIыным, ящIэу узыншагъэм зэран хуэхъуным, лей ехыным, теуэным, къуейщIеигъэм ехьэлIа, Iэщэ, къагъауэ Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпу ялэжь щIэпхъаджагъэхэу ятхам и бжыгъэми хэщIащ. Террор щIэпхъаджагъэхэр сэтей къэщIыным, ахэр къызэпыудыным и лъэныкъуэкIи ефIэкIуэныгъэ щыIэщ. Республикэм и хабзэхъумэхэм гулъытэ хэха зыхуащIа унэтIыныгъэщ къэралым и президент хэхыныгъэхэр щекIуэкIым жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, - жиIащ министрым.

Экономикэ щIэпхъаджагъэу, а зэщIэгъэуIуа гупым, зэрызэгурыIуам ипкъ иткIэ ялэжьа щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэри хэту, сэтей къащIыным хэхъуащ. «Урысейм щыпсэухэм псэупIэ зэпэщ», «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьын» лъэпкъ проектхэр зэрыпхагъэкIым ехьэлIа щIэпхъаджагъэу 17 къыщIагъэщащ, джэгупIэ щэхуу 31-рэ зэхуащIыжащ. Уэрамхэмрэ жылагъуэ зэхуэсыпIэхэмрэ хабзэм къемызэгъыу щалэжьыр процент 15,8-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

КъБР-мкIэ МВД-м и лэжьыгъэм кърикIуахэмкIэ КИФЩI-м хыхьэ щIыналъи 6-м я деж етIуанэ увыпIэр щиIыгъщ.

- Апхуэдэу щытми, - къыхигъэщащ Васильев Сергей, - щIэпхъаджагъэм ебэнынымкIэ гугъуехьхэр иджыри щыIэщ. Бандэ гупым хэтхэм я гуращэ фIейхэр къызэранэкIакъым, террор шынагъуэр иджыри узыгъэпIейтейуэ къонэж.

КъБР-м и экономикэм и сэбэп зыхэлъхэр хъумэным и гугъу щищIым министрым къызэригъэлъэгъуащи, ЖКХ-м и IэнатIэхэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэр сэтей къэщIыным, продукцэ нэпцIхэр хабзэншагъэкIэ ирагъэкIыным, гъэпцIагъэкIэ зыIэрагъэхьэ хэхъуэр хабзэм кърагъэзэгъэным, финанс-кредит Iуэхум, мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, турист комплексым, курорт ухуэныгъэхэм хухах бюджет, инвестицэ мылъкур зэхэдыгъуэным, финансхэр тезыгуашэ къулыкъущIэхэм ялэжь коррупцэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэр къызэпыудыным, сэтей къэщIыным адэкIи гулъытэ хэха хуэщIын, нэхъ ткIийуэ бгъэдыхьэн хуейщ.

ПIейтеиныгъэ нэхъыбэ къэзышэу зэIущIэм къыщагъэлъэгъуащ республикэм и гъуэгухэм я нэхъыбэр зэрымыщIагъуэр, ар цIыхухэр зыхэкIуадэу къэхъу авариехэр къэзышэхэм зэращыщыр. Коллегием къызэрыщыхагъэщащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и властхэм, федеральнэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм ящIыгъуу гъуэгу шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ жэуап яхь. Илъэсыр къызэрихьэрэ республикэм къыщыхъуа гъуэгу напэшыншагъэхэм цIыху 16 хэкIуэдащ, 152-м фэбжь ягъуэтащ. КъБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-м жэуапыр ящхьэщимыхыу, гъуэгум щытыкIэр щегъэфIэкIуэным гулъытэ щхьэхуэ хуащIыну, кIэлъыплъыныгъэр къэбгъэтIасхъэ зэрымыхъунур къыхигъэщащ министрым. Плъыр-пост къулыкъум, ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ IэнатIэм я лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэри егъэфIэкIуэн зэрыхуейр жиIащ.

УФ-м и МВД-м Бахъсэн, Iуащхьэмахуэ, Тэрч, Аруан куейхэмкIэ и IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм я къэпсэлъэныгъэм едэIуа нэужь, Васильев Сергей ткIийуэ яхуигъэуващ щIэпхъаджагъэхэр къызэпыудыным, ахэр сэтей къэщIыным я лэжьыгъэр нэхъри хуаунэтIыну. Япэ игъэщыпхъэхэм ящыщщ цIыхухэм мылъку хэщIыныгъэ езыт, автотранспорт ирахужьэныр къэмыгъэхъуныр, бандэ гупым я ахъшэ хэкIыпIэхэр къызэпыудыныр. БгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуейщ учет-регистрацэ, къулыкъу дисциплинэр гъэбыдэным, я лэжьакIуэхэр щытыкIэ хэхам сыт и лъэныкъуэкIи хуэгъэхьэзырыным.

Васильев Сергей щхьэхуэу къытеувыIащ УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и къудамэм и оперуполномоченнэ Безыр Азэмэт и гъащIэм емыблэжу къытеуа бзаджащIитIым зэрапэувар, табель Iэщэр зэраIэримыгъэхьар икIи абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэм гулъытэ лъагэ хуищIащ. Налшык къалэмкIэ УМВД-м и штабым и лэжьакIуэм полицейр иукIыну и унэм деж къыщыпэплъэ IэщэкIэ зэщIэузэда бзаджащIэр къызэрызэтригъэувыIар лIыгъэу къилъытащ.

Зэман гъунэгъум япэ игъэщыпхъэ я къалэнхэм ящыщу министрым къигъэлъэгъуащ накъыгъэм и 1-м ягъэлъэпIэну Гъатхэмрэ лэжьыгъэмрэ и махуэм, Урысей Федерацэм и Президентым и инаугурацэр щекIуэкIыну накъыгъэм и 7-м, ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм - накъыгъэм и 9-м, ятеухуа Iуэхугъуэхэр щекIуэкIкIэ хабзэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыныр.

Васильев Сергей КъБР-мкIэ МВД-м къулыкъур щезыхьэкIхэм, абыхэм я нэхъыбэр щытыкIэ гугъум иту, я гъащIэм емыблэжу республикэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр зэрахъумэным яужь итхэщ, фIыщIэ яхуищIащ.

ЗэIущIэр Iуэху гуапэкIэ иухащ. КъыхэжанкIа я лэжьакIуэхэмрэ къулыкъухэм я унафэщIхэмрэ министрым дамыгъэхэр яритащ.

Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр армэм и генерал Нургалиев Рашид пщэрылъ къызэрыщищIам ипкъ иткIэ, УФ-м и ФСИН-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Федоров Василий «За боевое содружество» медалыр иритащ.

**ДЖЫРАНДОКЪУЭ Маринэ.**

Шыбзыхъуэ Данил и къуэ Басир 1952 гъэм и мэлыжьыхьым Гундэлэн къуажэм къыщалъхуащ. Артистым къызэрилъытэмкIэ, и адэм и гъащIэм фильм тебухуэми гъэщIэгъуэн дыдэ хъунут. Басир и ныбжьыр илъэситху-хым иту арат балькъэрхэр Хэкум къагъэзэжыну хуит щащIам. Абы и ужькIэ Данил и бынунэми Гундэлэн зыщIэжьэжакъым, ахэр къэIэпхъуэжащ Бахъсэн. Абыхэм я гугъу щищIкIэ, Басир жеIэ: «СщIэркъым апхуэдэ гуауэшхуэм, Iыхьлыуэ иIэр хамэщI зэрырашам, мамэ къызэрелар. Хуабжьу зыхищIат, езым и гугъу къамыщIу Хэкум кърана пэтми...»

● ДифI догъэлъапIэ

# ДжэгуакIуэ

## Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Шыбзыхъуэ Басир нобэ илъэс 60 ирокъу

ШЫБЗЫХЪУЭ зэрыбыным (ахэр цIыхуибгъу хъурт) Бахъсэн фэтэр къыщащтэри лъапсэ яухуэу щIадзащ. Къару зэхэдзэкIэ, гугъу ехьу ящIырт унэр - мывэр зэрыунагъуэу псыхъуэм къыдашырт, унэ лъабжьэр ягъэтIылъырт, ятIэ чырбыш ягъэжырт, унащхьэ тралъхьэрт. «Гугъуехьыр и натIэт ди адэм, ар езыр икIи лэжьакIуэшхуэт, хэхъуи иIэт, ауэ щиIуэтэжыну махуэр къэмысурэ, и гъащIэр кIуащ...»

Басир и адэр дунейм ехыжащ 1975 гъэм, а илъэс дыдэми езы щIалэщIэм театр еджапIэ нэхъыщхьэр къиухат. Ар балигъыпIэ иувами, адэм и ущие, и псалъэ, чэнджэщ, хуэныкъуэт, ауэ...

Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищэм Шыбзыхъуэр щIэтIысхьа зэрыхъуари гъэщIэгъуэнщ. Адыгэ студием щеджэнухэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуауэ къыщыхахырт. Школым къыщыдеджа КIэмыргуей Валентинщ а хъыбарыр къезыгъэщIари езыми и зэфIэкI игъэунэхуну тезыгъэгушхуари. Басир Iэнкунт, курыт еджапIэм къыхэжаныкIыу щеджатэкъыми, ар зэрыерыщыр топджэгу, уэрэд, гитарэ хуэдэхэрт. Дауэ хъуами, тхылъ гъэщIэгъуэнхэр щIэзыджыкI Шыбзыхъуэр «Щукэ» цIэрыIуэм щIэтIысхьащ.

Пэжщ, зэпеуэр гуащIэт - зы цIыхум и пIэм пщыкIутху кIуэрт. Иджыпсту Шыбзыхъуэ Басир Къэбэрдей драмэ театрым и художественнэ унафэщI къулыкъур щихь лэжьапIэ пэшырщ а зэманым экзаменыр щитар. Зэпеуэм и

япэ Iыхьэр Шыбзыхъуэм тыншу къехъулIащ: щIалэ къекIут, узыIэпызышэт. ЕтIуанэр нэхъ гугъуащ. Басир къызэджэну къыхихар Лермонтовым и «Мцыри»-м щыщ Iыхьэрт, барсым щезауэр. Ар езым Iэджэ щIауэ игу ирихырт. Иджыпстуи артист цIэрыIуэм и гъэсэнхэр арац зыхуиущийр: фIы дыдэу флъагъу тхыгъэм щыщщ утыку фызэрихьэн хуейр! Ещанэ Iыхьэри къехъулIэу «Щукэ» и бжэхэр къыщыхуззэIуихым, Басир и адэ-анэм яжриIащ IэщIагъэу зыхуеджэнур. «Дядэр къэгубжьыпат, дэнэ къикIауэ уартист уэ, къэфэкIэ къудей зымыщIэр, жиIэу. Езыр дахэу къафэрт, ар куэдми фIыуэ ящIэж».

Апхуэдэу Шыбзыхъуэ Басир щIэтIысхьащ къэралым и театр еджапIэ нэхъыщхьэхэм я нэхъ цIэрыIуэу Москва дэтым. Ипэ зэманхэр егъэлеяуэ хьэлъэт. «Илъэс, илъэсрэ ныкъуэкIэ гугъу сехьащ, къыхэсхам шэч къыщытесхьэжаи щыIащ. Студием и унафэщI Калиновский Леонид (щыщIэтIысхьэми гу къылъызытам) сеупщIыпат симыIэжьэ симытIысхьауэ пIэрэ, жысIэри. ЕгъэджакIуэм и жэуапым си гур игъэмамырыжат. Абы къызжиIащ зэфIэкI къызэрыскъуэкIынум шэч къызэрытримыхьэр. Абы щхьэкIэ седжэн, сылэжьэн зэрыхуейр...»

Щыуатэкъым Калиновскэр: 1975 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэзэжащ актер хьэзыру 23-м. Зэманыр щыхьэт техъуащ абыхэм я зэфIэкIыр зэрыиным, театр ехьэжьахэми ахэр къызэрыщимыкIуэтынур. Диплом лэжьыгъэу бгъу къашэжат - пасэрей трагедиехэм къыщежьэрэ иджырей водевилхэми щыщIэкIыжу, Шекспир деж щыщIидзэрэ («Двенадцатая ночь») Горький Максим («Мещане») деж нэсу.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, а репертуар ахъырзэманыр «зыIэщIилъхьащ» советыдзэм. Къулыкъу ящIэну ираджащ студием щIалэу щылажьэр. Щэнхабзэ Iуэхум зи нэIэ тетыпхъэ лIыщхьэхэм елъэIуат труппэм хэтхэр, ауэ абыхэм зыри къелIэлIакъым, зы илъэс нэхъ мыхъуми хуагъэкIуэтакъым дзэм щраджэну пIалъэр. ЩIалэхэм я нэхъыбэр, Басири яхэту, Москва унагъуэ хъуауэ къикIыжахэт. Шыбзыхъуэм и щхьэгъусэ, актрисэ БжэIумых Бэллэ къиухари а студие дыдэрщ. Зэщхьэгъусэхэр сабий пэплъэрт адэр дзэм щраджам.

Басиррэ Бэллэрэ я бынитIыр иджы балигъщ: я къуэр юристщ, я пхъур унагъуэ хъуащ, Тыркум щопсэу.

Лъэпкъ театрым и актерым зыщыгуфIыкIын улахуэ иIэкъым, къимыдэкIэ унагъуэу зэдэпсэу цIыхуитIри актермэ... Басир зэрыжиIэмкIэ, езым къыхуихуащ лэжьапIищ е плIы щызэдихьаи.

Шыбзыхъуэр и цIыху щIыкIэкIэ зыпэрыт IэнатIэм дэрэжэгъуэ къыхэзыхщ, зи псэри абы хэзылъхьэщ. Радио, телевиденэ, кино - псом щыщи хэтащ Басир и гъащIэм. Иджыпсту ар щолажьэ театрым, зэман-зэманкIэрэ телевиденэми нэтын щегъэхьэзыр, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым актер IэщIагъэм щIэблэр щыурегъаджэ. Шыбзыхъуэм и щхьэм ехьэлIауэ жеIэ: «Сыактерщ, сыегъэджакIуэщ». Мыгувэу абы и гъэсэн гупхэр гъащIэм хыхьэнущ. Езы дыдэми егъэщIагъуэ ар: «Дэ дыщеджэм гъэсакIуэ хьэлэмэт куэд диIат, зыдузэщIынымкIэ сэбэпышхуэ къытхуэхъуу, мыбдеж сэ си закъуэщ, ар тэмэму къыщIэкIынукъым». Шыбзыхъуэр егъэджакIуэщ, режиссерщ (диплом лэжьыгъэхэр щагъэхьэзыркIэ). Ауэ театрым Iуэхур щынэсым деж, режиссер къалэным хуэпабгъэркъым. «Си псэр щIохъуэпс актеру сылэжьэну, сыджэгуну. Къулыкъум пыщIа Iуэхухэм зэман куэд пфIахь, къаруи хуейщ, ауэ сценэмкIэщ си гур здэщыIэр. Нобэрей гъащIэр, псэукIэр нэрылъагъу зыщI пьесэ сыщIохъуэпс, илъэс куэдкIэ зэтрихьа гурыгъу-гурыщIэхэр «къискIутын» хуэдэу».

**КЪАРДЭН Маринэ.**

КIэмыргуей Валентин, Шыбзыхъуэ Басир, КIарэ Ларисэ сымэ спектаклым щоджэгу.

● КъБР-м и прокуратурэм

# Я щыщIэныгъэхэр ирагъэлъагъуж

**Бахъсэн районым и прокуратурэм къипщытащ къэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэм тещIыхьауэ хьэпшыпхэр къегъэшэнымкIэ, лэжьыгъэхэр гъэзэщIэнымкIэ, IуэхутхьэбзэхэрзэфIэгъэкIынымкIэ заказхэр зэрыхагуашэ законодательствэр Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм нэгъабэ зэригъэзэщIар.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, Федеральнэ закон №94-ФЗ-м и 19.1 статьям и 2-нэ Iыхьэм, 43-нэ статьям и 8-нэ пунктым къагъэувхэр къызэпаудри, «ШхапIэм папщIэ Iэмэпсымэхэр къызэращэхур» котировкэхэр зэрырагъэкIуэкIынум теухуауэ официальнэ сайтым щIэупщIэу щызэбграгъэха хъыбар 45-м зэгурыIуэныгъэм и пэщIэдзэ (нэхъыбэ дыдэ) уасэр зэраубзыху щыкIэр щагъэбелджылакъым. Апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр «Дагъэ гъэсыныпхъэхэр къызэращэхур», «Библиотекэ фондым зэрыхагъахъуэр» котировкэхэм зэрыщIэупщIэми къыщагъэуащ.

А щIыкIэм тету, муниципальнэ къулыкъущIэхэмрэ котировкэ комиссэхэм щыщхэмрэ «УФ-м и муниципальнэ къулыкъущIапIэм и IуэхукIэ» 2007 гъэм гъатхэпэм и 2-м къыдэкIа Федеральнэ закон №25-ФЗ-м и 12-нэ статьям и япэ Iыхьэм къигъэувхэр къызэпаудащ. Къапщтэмэ, муниципальнэ къулыкъущIэм и къалэнщ муниципальнэ щыналъэм и Уставыр, нэгъуэщI пщалъэ-правовой актхэр фIэкIыпIэншэу ягъэзэщIэныр къызэригъэпэщыну. Абы емылIалIэу, «Коррупцэм пэщIэтыным и IуэхукIэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м къащта Федеральнэ закон №273-ФЗ-м и 7-нэ статьям и 12-нэ Iыхьэм щыгъэбелджылахэм щыуагъэ зыщыIэщIагъэкIащ.

Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, апхуэдэ ныкъусаныгъэхэм илъэс къэс къытрагъэзэж. Арами, Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм потребительскэ рынокымрэ муниципалитетым къищэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщIхэр дисциплинэ жэуапым ирашалIэркъым.

Къэпщытэныгъэм кърикIуам ипкъ иткIэ, муниципалитетыр зыхуей хьэпшыпхэр къегъэшэнымкIэ, лэжьыгъэхэр гъэзэщIэнымкIэ, IуэхутхьэбзэхэрзэфIэгъэкIынымкIэ Заказхэр хэзыгуашэ комиссэ зэхэтым щыщхэм ялэжьа административнэ къуаншагъэхэм яхуэгъэзауэ Iуэхуи 10 къаIэтри, щыхэплъэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Антимонопольнэ управленэм иратащ. Хабзэм къемызэгъыу къыщIагъэща ныкъусаныгъэхэр ирырагъэзэкIуэжын щхьэкIэ, Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и цIэкIэ тхылъ ягъэхьэзыращ.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Гъэмахуэ-2012

# Зыгъэпсэхугъуэм хуэхьэзыру пIэрэ?

**Гъэмахуэ лъэхъэнэм кърихубыдэу ди республикэм ис сабийхэм зыщагъэпсэхуну лагерхэмрэ санаторэхэмрэ иджыпсту щыщIэдзауэ Iуэхум хуэхьэзырщ.**

«КХЪУЖЬЕЙ хадэ» зыгъэпсэхупIэр ди щIыналъэм щынэхъыфIхэм хабжэ. Зы илъэси къанэркъым мыбы ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми къраша сабий куэдым я узыншагъэр щрамыгъэфIакIуэу. Мы IэнатIэм маркетингымкIэ къалэнхэр къезыхьэлIэ ЖьэкIэмыхъу Альбинэ къызэрыджиIамкIэ, санаторэм и Iэгъуэблагъэр зэщIагъэкъэбзащ, щхъуантIагъэхэмрэ удз гъэгъахэмрэ дэнэкIи щыхасащ. Апхуэдэу ягъэхьэзыращ цIыкIухэр топ щыджэгуну утыкухэр: футболымкIэ, волейболымкIэ, баскетболымкIэ джэгупIэхэр къагъэщIэрэщIэжащ, топыр зрадзэ хъархэр щIэуэ фIалъхьащ. «Кхъужьей хадэм» зыгъэпсэхупIэ корпусу 2 иIэщи, абыхэм ремонт лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкIащ.

ДызыхуэкIуэ гъэмахуэм мыбы сабий 565-рэ зэуэ къэкIуэнущ. Абыхэм зэрызагъэпсэхунум къыдэкIуэу, я узыншагъэм щыкIэлъыплъынущ. Медицинэ къудамэри иджырей IэмэпсымэфIхэмкIэ, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ нэсу къызэрагъэпэщащ. Санаторэм щылэжьэнущ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI дохутырхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ.

ЗыгъэпсэхупIэм и унафэщIхэм гулъытэ хэха хуащIынущ хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм, бынунагъуэшхуэхэм къахэкIахэм.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым хыхьэ колледжхэм щеджэ студентхэм я олимпиадэ екIуэкIащ.**

● Егъэджэныгъэ

# КъэкIуэнум толажьэ

ЭКОНОМИКЭМРЭ правоведенэмрэ тегъэщIауэ зэхэта зэхьэзэхуэм и къалэн нэхъыщхьэу щытащ, нобэ къэралым экономикэ, псэуныгъэ, жылагъуэ Iуэху я лъэныкъуэкIэ къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм хэзэгъэн IэщIагъэлI нэсхэр гъэхьэзырыным.

Олимпиадэм цIыху 15 правоведенэмкIэ, 19 - экономикэмкIэ щызэпеуахэщ. Абыхэм яхэтащ лъэныкъуитIми фIы и фIыжу хэзэгъа икIи зэфIэкIыфIхэр зыгъэлъэгъуа еджакIуэхэри. Зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ къапщытащ УФ-м и КонституцэмкIэ студентхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэр зыхуэдэр, Iуэху щытыкIэ щхьэхуэхэм ахэр зэреплъ щIыкIэмрэ я къэухьыр здынэсымрэ. Студентхэр литературэм зэрыхущытымрэ ахэр дэзыхьэх тхылъхэр зищIысымрэ ехьэлIа псалъэмакъ щхьэпэхэри ирагъэкIуэкIащ.

КъэпщытакIуэхэм къызэралъытамкIэ, студентхэр я къалэнхэм хьарзынэу пэлъэщащ. Олимпиадэм къигъэлъэгъуащ иджырей дунейпсо щIэныгъэ мардэхэм тету ди республикэм и экономикэ щытыкIэмрэ цIыхухэм я псэуныгъэр егъэфIэкIуэнымрэ телэжьэфын щIэблэ дызэриIэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Налогым и пIэкIэ патент

● Абы дегъэпIейтей

**Таксим теухуа федеральнэ законым къигъэувхэмкIэ мыарэзыуэ, КъБР-м езыхэм я автомашинэхэмкIэ цIыхухэр къезышэкIхэм пэкIу къызэрагъэпэщащ.**

ИДЖЫПСТУ щыIэ хабзэм ипкъ иткIэ, цIыхухэмрэ абыхэм я хьэлъэхэмрэ таксикIэ къэрашэкIын папщIэ, щхьэзакъуэ лэжьакIуэхэм хуит зэращI тхылъхэр къыIахын хуейщ. Ахэр гъэзэщIакIуэ властым и уполномоченнэ органым ет, къэлъэIуам юридическэ IэнатIэу е щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакIуэу налог учетым зэрыувамкIэ тхылъри хэту, зыхуэфащэ адрей документхэм япкъ иткIэ.

Ауэ пэкIум хэтахэм зэрыжаIамкIэ, налогхэр, бюджетым щымыщ фондхэм иратын хуей страховой взносхэр, къэрал пошлинэр зыхэплъхьэжмэ, апхуэдиз ахъшэр абыхэм къатехьэлъэнущ. Къапщтэмэ, Налшык къалэм налог учетым щагъэувын папщIэ сом 900 ятын хуейщ. ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органым игъэува коэффициентым ипкъ иткIэ, къаIэрыхьэну фейдэм тещIыхьауэ къабж налог зэгуэтыр кварталым сом 2016-рэ, пенсэ фондымрэ медицинэ страхованэмкIэ фондымрэ зэхэту кварталым халъхьэр сом 4302-рэ, илъэситхукIэ лэжьэну хуит зэращI тхылъым щIатыр сом 1496-рэ мэхъу.

ПэкIум хэтахэм яхуэзащ КъБР-м транспортымкIэ и министр Сунш Ануарбийрэ абы и къуэдзэ Къудей Арсенрэ. Абыхэм къыхалъхьащ пэкIум хэтхэм район, къалэ къэс къабгъэдэкIыу зы лIыкIуэ хахыу зэщIыгъуу Iуэхум тепсэлъыхьыну. Апхуэдэ зэIущIэ шэджагъуэ нэужьым ТранспортымкIэ министерствэм щекIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, Налшык къалэ округым и администрацэм, Федеральнэ налог къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм Налшык къалэм щиIэ и инспекцэ №1-м, КъБР-м щиIэ МВД-м, КъБР-м щыIэ МВД-м ГИБДД-мкIэ и управленэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и Ространснадзорым, УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр сыхьэти 2,5-м щIигъукIэ екIуэкIащ. Езыхэм я автомашинэхэмкIэ цIыхухэр къезышэкIхэм жаIащ щIэуэ ягъэува хабзэхэр къемызэгъыу къыщIалъытэр икIи властым и лIыкIуэхэм хуагъэуващ цIыхухэр къызэрырашэкI автомашинэхэм хабзэм къемызэгъыу такси дамыгъэхэмрэ уэздыгъэхэмрэ зэрытрагъэувэм папщIэ къэрал автоинспекцэр къемытхьэкъуну унафэ хуащIыну. Властым законхэр къыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ органхэм, къэпщытакIуэ-кIэлъыплъакIуэ органхэм я лIыкIуэу зэIущIэм хэтахэр абыкIэ акъылэгъу хъуакъым икIи къагъэлъэгъуащ таксим и лэжьыгъэр Федеральнэ закон №69-м къигъэувхэм къезэгъыу зэрыщытыпхъэр, мылъкур зыIэщIэлъым емылъытауэ, законыр псоми зэхуэдэу ягъэзэщIэну зэракъалэныр.

Иджыблагъэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ хуит зэращI документхэр ямыIэу цIыхухэр автомашинэ псынщIэхэмкIэ къызэрырашэкIым папщIэ етхьэкъуным теухуауэ Административнэ къуэншагъэхэмкIэ кодексым хэт мардэр 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м нэсыху къагъэсэбэп мыхъуну къагъэувыIащ. Таксометрхэри къыщагъэсэбэпынур таксим и уасэр зэрыкIуэ жыжьагъымрэ текIуадэ зэманымрэ тещIыхьауэ къыщыIах къалэхэрщ. Хуит зэращI документхэри зэрат щIыкIэр нэхъ тынш ящI. Абы къыхэкIыу зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэжынущ «КъБР-м автомашинэ псынщIэхэр таксиуэ къызэрыщагъэсэбэп щIыкIэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №362-м.

Налог органхэм я лIыкIуэхэм къыхалъхьащ къаIэрыхьэну фейдэм тещIыхьауэ къабж налог зэгуэтым и пIэкIэ таксим ирилажьэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм патент къащэхуну. Зы илъэсым абы и уасэр сом мини 3,5-рэ хъууэ арац.

ЗэIущIэр иуха нэужь унафэщI IэнатIэхэм я лIыкIуэу абы хэтахэр зэгурыIуащ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр къагъэсэбэпурэ, республикэм налогхэр зэрыщытралъхьэ щIыкIэр, хьэрычэт лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI тхылъхэр зэрат хабзэхэр хэIущIыIу ящIыну. Апхуэдэу щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм чэнджэщ иратащ таксихэр къыщыувыIэну щIыпIэ хэхахэр яубзыхуну.

**КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Алибердыкъуэ.**

● Футбол

# Зэхьэзэхуэр зэщIоплъэ

**Щэбэт кIуамрэ тхьэмахуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и дивизион нэхъыщхьэм еплIанэ джэгугъуэр щекIуэкIащ. «Кэнжэ» командэм и пашэныгъэр абы игъэбыдащ.**

КЭНЖЭДЭСХЭМ Къэрэгъэш къуажэм щIыпIэ командэр щыхагъэщIащ. 3:1-уэ зэIущIэр зэриухам къегъэлъагъуэ хьэщIэхэм тепщэныгъэр быдэу зэраIыгъам.

Зыхэта джэгугъуэ псоми щытекIуащ Нарткъалэ и «Нартри». АрщхьэкIэ абы зы зэIущIэкIэ нэхъ мащIэ иригъэкIуэкIащ. Тхьэмахуэ кIуам нарткъалэдэсхэм ирагъэблэгъат мыгъэрей зэхьэзэхуэр жыджэру къыщIэзыдза «Къэхъуныр». Зэгъунэгъухэм я зэIущIэр гуащIэу щытауэ пхужыIэнукъым. Абы «Нартыр» 3:1-уэ щытекIуащ.

Аргуэру очкоитI фIэкIуэдащ республикэм и чемпион «Бахъсэным». Щэбэт кIуам ар и губгъуэм щыпэлъэщакъым Налшык икIа «ГидроЭС»-м. ЗэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, иухащ.

Адрей зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: «Эльбрус» (Тырныауз) - «ДЕР» (Щхьэлыкъуэ) - 2:5, «Бедик» (Арщыдан) - «Щтауч-Аркада» (Шэджэм) - 3:4, «Тэрч» (Тэрч) - «Шэджэм-2» (Шэджэм ЕтIуанэ) - 4:1, «Бэтэх» (Бэтэх) -«Спартак-31» (Налшык) - 0:1, «Автозапчасть» (Бахъсэн) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - 3:1.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэри къызэщIоплъэ. Абы пашэныгъэр щиубыдащ иужьрей зэIущIэм топитI щыдэзыгъэкIыу мы гъэм къызэрыхэжаныкIар 6-м нэзыгъэса «Кэнжэм» щыджэгу Щэуейм. Кэнжэдэсым зы топкIэ къыкIэроху Бакъыр («Щтауч-Аркада»), Балъкъызыр («ДЕР»), Мокаевыр («ЛогоВАЗ»), ШащIэр («Къэхъун»).

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм зэIущIэнущ: *мэлыжьыхьым и 28-м* - «ЛогоВАЗ» - «Велес», «ГидроЭС» - «Автозапчасть», «Нарт» - «Бедик», «Кэнжэ» - «Тэрч»; *мэлыжьыхьым и 29-м* - «Щтауч-Аркада» - «Бахъсэн», «ДЕР» - «Къэхъун», «Спартак-31» - «Эльбрус», «Шэджэм-2» - «Бэтэх» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и дивизион нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Кэнжэ»** | **4** | **4** | **0** | **0** | **10-2** | **12** |
| **2. «Автозапчасть»** | **4** | **3** | **0** | **1** | **14-8** | **9** |
| **3. «Щтауч-Аркада»** | **4** | **3** | **0** | **1** | **15-10** | **9** |
| 4. «Нарт» | 3 | 3 | 0 | 0 | 7-3 | 9 |
| 5. «Спартак-31» | 4 | 3 | 0 | 1 | 10-8 | 9 |
| 6. «ГидроЭС» | 4 | 2 | 2 | 0 | 9-4 | 8 |
| 7. «Бахъсэн» | 4 | 2 | 2 | 0 | 10-4 | 8 |
| 8. «Къэхъун» | 4 | 2 | 1 | 1 | 7-6 | 7 |
| 9. «Тэрч» | 4 | 2 | 0 | 2 | 13-9 | 6 |
| 10. «ДЕР» | 4 | 2 | 0 | 2 | 10-10 | 6 |
| 11. «ЛогоВАЗ» | 4 | 1 | 1 | 2 | 7-9 | 4 |
| 12. «Велес» | 4 | 1 | 0 | 3 | 7-13 | 3 |
| 13. «Эльбрус» | 3 | 0 | 0 | 3 | 7-14 | 0 |
| 14. «Бэтэх» | 4 | 0 | 0 | 4 | 3-11 | 0 |
| **15. «Бедик»** | **4** | **0** | **0** | **4** | **7-16** | **0** |
| **16. «Шэджэм-2»** | **4** | **0** | **0** | **4** | **4-13** | **0** |